# आकाशवाणी, गोरखपुर

**दिनांक–21 जुलाई 2024** **भोजपुरी समाचार**

संसद क बजट सत्र बिहने से सुरू होई। एहसे पहिले सरकार के पहल पर आजु नई दिल्ली में सर्वदलीय बइठकी आयोजित कइल गइल। येह दौरान सरकार संसद के के दुन्नो सदन क सुचारू संचालन सुनिस्चित करे खातिर सज्जो राजनीतिक दलन से सहजोग क अपेक्षा कइले हवे। केन्द्रीय मंत्री राजनाथ सिंह अउर किरेन रिजिजू के सथहीं कई गो केन्द्रीय मंत्री, कांग्रेस नेता जयराम रमेश अउर गौरव गोगोई, राष्ट्रवादी कांग्रेस पारटी नेता प्रफुल्ल पटेल, डी.एम.के. नेता टी.आर. बालू अउर तिरुचि शिवा, आम आदमी पारटी क नेता संजय सिंह, ऑल इंडिया मजलिस–ए इत्तेहादुल मुस्लिमीन क असदुद्दीन औवेसी के सथहीं कई गो अउरियो नेता सामिल भइलें। हमरे संवाददाता बतवले हवें कि वित्त मंत्री निर्मला सीतारमण बिहने संसद में आरथिक सर्वेक्षण पेस करिहें। आरथिक सवेक्षण अर्थव्यवस्था के कई गो क्षेत्रन पर सांख्यिकी जनकारी अउर बिस्लेसण प्रदान करे ला। वित्त मंत्री मंगर के लोकसभा में बरिस दुइ हजार चउबीस–पचीस क केन्द्रीय बजट पेस करिहें। सरकार येह सत्र में छौ गो नया विधेयक पेस कइ सके ले। एहमें आपदा प्रबंधन (संसोधन) विधेयक, बॉयलर विधेयक, भारतीय वायुयान विधेयक, कॉफी (संवर्धन अउर विकास) विधेयक अउर रबर (संवर्धन अउर विकास) विधेयक खास तौर पर सामिल हौ।

**********

आजु गुरू पूर्णिमा क तिउहार हंसी–सुखी के साथे मनावल जा रहल हौ। व्यास पूर्णिमा के नांव से मसहूर ई दिन आध्यात्मिक गुरू अउर आचार्य लोगिन के समरपित होला। येह मौका पर बनारस, अजोध्या, चित्रकूट अउर हापुड़ के सथहीं प्रदेस के कई गो जिलन के पवित्र नदियन में स्नान कइले के बाद सरधालु पूजा–अर्चना कइलें। बनारस जिला में मुस्लिम महिला महंत बालक दास क आरती उतरलिनि अउर उन्हें गुरू पद से सम्मानित कइलिनि। अजोध्या में सरधालु स्नान कइले के बाद पूजा–अर्चना कइलें। ओहवां दिन भर मेला तइसन माहौल देखल गइल। गोरक्षपीठ क महंत अउर मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ, गोरखपुर के गुरू गोरक्षनाथ मंदिर में आजु भिन्नहीं गुरू गोरखनाथ क विधि–विधान से पूजा–अर्चना कइलें अउर उन्हें रोट क परसादी चढ़वलें। उहां के नाथ परम्परा के सज्जो गुरूअन क अर्चना कइले के बाद मंदिर परिसर में भगवान शिव के मंदिर में रूद्राभिषेको कइलें। मंदिर क संत लोगि उन्हें तिलक लगा के उनकर आसीरबाद लिहलें। मुख्यमंत्री महंत दिग्विजयनाथ स्मृति भवन सभागार में गुरू पूर्णिमा के मौका पर भइल कार्यक्रम अउर ओहां पछिला कई दिन से चलि रहल कथा क पूर्णाहुति कार्यक्रमो में हिस्सा लिहलें।

**********

बनारस जिला के सारनाथ के केन्द्रीय उच्च तिब्बती सिक्षा संस्थान में आजु असाढ़ पूर्णिमा के मौका पर धम्म चक्र प्रवर्तन दिवस क आयोजन कइल गइल। अन्तर्राष्ट्रीय बौद्ध परिषद, भारत सरकार क संस्कृति मंत्रालय अउर प्रदेस सरकार क पर्यटन मंत्रालय के संयुक्त तत्वावधान में भइल येह कार्यक्रम में प्रदेस सरकार क कैबिनेट मंत्री अनिल राजभर हिस्सा लिहलें। उहां के कहलीं कि भगवान बुद्ध के सनेसा से पूरा विस्व के सान्ति क राहि मिलि रहल हौ। कार्यक्रम के संस्थान क कुलपति वांगचुक दोरजी अउर बुद्ध परिसंघ क महासचिव रिंपोजे जांगचुपो सम्बोधित कइलें।

**********

अजोध्या में भगवान श्रीरामलला के मंदिर परिसर में पुजारियन खातिर एंड्रॉयड फोन ले गइले क अनुमति नाही होई। पुजारी अउर उनकर सहायक ओहां खाली की–पैड वाला मोबाइले ले जा सकिहें। श्रीराम जन्मभूमि तीर्थ क्षेत्र ट्रस्ट के ओरि से उन्हें की–पैड फोन उपलब्ध करा दिहल गइल हौ। सथहीं, भगवान रामलला क सेवा राग भोग अउर पूजा बदे एगो सहायक पुजारी के साथे पांच अर्चकनों क तैनाती कइ दिहल गइल हौ। ई अर्चक रामलला क राग भाग सेवा अउर उपासना में तय कइल गइल समय के हिसाबि से उपलब्ध रहिहें। ट्रस्ट कार्यालय प्रभारी प्रकाश गुप्ता बतवलें कि ट्रस्ट के फैसिला के हिसाबि से मंदिर के गर्भगृह में पुजारियन के एंड्रॉयड फोन ले गइले पर रोकि लगवले क फैसिला कइल गइल रहल।

**********

फर्रूखाबाद जिला के जहानागंज थान्हा इलाका के बहोरीकपुर के लग्गे आजु एगो तेज रफ्तार पिक–अप पेड़ से लड़ि के पलटि गइल। येह दुरघटना में एगो मेहरारू क मउति हो गइल जबकि तेइस जने अउरियो घाही हो गइलें।घाही लोगिन के जिला अस्पताल भेजल गइल। गम्हिराहे घाही बारह लोगिन के सैफाई मेडिकल कॉलेज खातिर रेफर की दिहल गइल हौ।

एगो अउरियो दुरघटना में प्रतापगढ़ के देहात कोतवाली इलाका में आजु भिन्नहीं इनारे में डूबि के दुइ गो चचेरा भाइयन क मउति हो गइल। दुन्नो भाइ के बचावे बदे इनारे में कुदि गइल उनकर दादा क हालति गम्हीर हौ। उनके इलाज बदे मेडिकल कॉलेज भेजल गइल हौ।

**********